



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 01/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ A ANONSE NOUVO RÈGLEMAN POU AMELYORE KALITE LÈ A**

### ***Règleman pou redwi oksid azòt ak polisyon patikil matyè ki ale odela de estanda Federal***

***Klike [La](#) pou wè Règleman yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York te adopte nouvo règleman ki pral amelyore kalite lè epi pwoteje sante piblik lè yo plase limit sou emisyon apati sous jenerasyon ki distribye tankou dèlko dyezèl ak motè gaz natirèl yo. Nouvo règleman yo, ki te orijinalman [pwopoze](#) nan mwa Desanm 2015, espesyalman ki vize oksid azòt ak matyè patikil ki soti nan ekipman ki egziste deja e aktyèlman ki ale odela de nouvo estanda yo ki te etabli pa twò lontan de sa pa gouvènman federal sa ki aplike sèlman a nouvo ekipman.

“Polisyon danjere ki soti nan dèlko dyezèl yo se yon risk sante ki pwouve pou Nouyòkè yo e li enpòtan ke nou fè tout sa nou kapab pou limite ekspozisyon l”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo estanda sa yo non sèlman mete New York alavangad pou redwi polisyon lè, men tou lap ranfòse efò nou pou ankouraje devlopman resous enèji renouvlab pou konbat alafwa chanjman klima ak devlope ekonomi nou an.”

Emisyon oksid Azòt kontribye nan fòmasyon kouch ozòn anbatè, prensipal konpozan bwouya. Toulède ozòn ak matyè patikil ka koze efè negatif sou sante, enkli pwoblèm respirasyon tankou opresyon, difikilte pou respire, tous ak iritasyon nan nen. Nouvo règleman sa pral kontribye nan pi ba nivo matyè patikil ak ozòt, patikilyèman nan zòn iben ki peple yo kote anpil dèlko dyezèl ak motè gaz natirèl yo lokalize. Nouvo règleman sa redwi tou lòt polyan toksik ki koze pa degajman konbisyon gaz dyezèl.

Ekipman an kouvri anba nouvo règleman an ki gen ladan inite ki bay kouran akoutèm pou etablisman yo pandan gwo demann elektrisite lè nivo azòt la souvan elve. Sous sa yo, ki pwodui plis pase 150 kilowatt (kW) nan rejyon Vil New York ak plis pase 300 kW nan rès eta, ta egzije pou reponn a nouvo limit emisyon sa yo amwenske li itilize sèlman pou bi ijans tankou pann kouran. Sous jenerasyon distribye ki egziste deja ki pa reponn a standa revize a ka enstale ekipman kontwòl pou reponn a limit nouvo emisyon yo.

Règleman yo gen ladan dispozisyon pou konfòmite dat ekstansyon pou sèten dèlko ke minisipalite yo posede oswa ajans minisipal yo nan fason pou anpeche ekoulman dirèk dlo ize nan vwa navigab yo nan eta. Ekstansyon limite sa pral bay minisipalite yo tan anplis pou kontwole emisyon nan dèlko yo.

**Komisyonè pa Entèrim Depatman Konsèvasyon Anviwonamn Eta New York (New York State Department of Environmental Conservation, DEC) Basil Seggos te deklare,** “Nouvo règleman sa yo ap ranfòse efò konpreyansif eta pou amelyore kalite lè, pwoteje sante piblik epi takle chanjman klima. Nouvo règleman sa pral ede redwi fosil gaz ki itilize pandan lap sipòte angajman Gouvènè Cuomo pou jenere 50 pousan nan enèji New York apati sous renouvlab pandan lap redwi emisyon gaz greenhouse pa 40 pousan nan 2030.”

Règleman ki pwopoze a ap konplete pwogram Refòme Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision) New York, sa ki gen entansyon pou tranzisyon eta a yon rezo elektrisite ki pi pwòp ak pi efikas ki pral redwi polisyon kabòn ki koze chanjman klima. Li se egalman yon konpozan enpòtan nan Eta pou reponn a nouvo Estanda Nasyonal Kali te Lè Anbyan (National Ambient Air Quality Standard) azòt ki pi estrik nan dat Jiyè 2018, jan sa obligatwa dapre Lwa sou Lè Pwòp (Clean Air Act).

Règleman sa yo pral antre anvigè 30 jou apre lè yo fin resevwa epi depoze nan Depatman Eta.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [sitwèb](#) DEC.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418